



## **Ann al Travay!** **Kesyon ou Poze yon Founisè Travay**

### **Valè**

- Kisa misyon sèvis travay ou yo ye?
- Kijan ou fè pou garanti demach pou dekouvri ak jwenn travay la santre sou moun?
- Kijan ou konsidere pwen fò, enterè, ladrès, ak kapasite moun k ap chèche travay la?
- Kijan ou enkòpore moun k ap chèche travay la ak moun ki konnen li pi byen yo nan demach la?
- Kijan ou asire nan pwosesis la valè yon vi kotidyen ak menm kalite opòtinite ak lòt moun yo?

### **Kalite Sèvis**

- Konbyen manm pèsònèl ou anplwaye nan sèvis travay ou yo?
- Kijan ou t ap dekri ladrès manm pèsònèl nan ajans ou a?
- Èske ou gen yon lis datant pou sèvis?
- Ak otorizasyon, konbyen tan li pral pou sèvis la kòmanse?
- Ak ki enstitisyon finansman piblik ou travay, tankou OVR, OPD, Medicaid Waivers, Ticket to Work?
- Èske ajans ou a gen eksperyans nan yon domèn sipò espesifik?
- Èske gen sitiasyon espesifik kote ou pa ekipe pou soutni on moun (pa egzanzp, andikap, konpòtman, oswa bezwen medikal espesifik)?

### **Jwenn Travay**

- Pandan tout demach yo, ki kalite travay on moun k ap chèche travay ta dwe atann?
- Konbyen tan manm pèsònèl la pran pou aprann sou moun k ap chèch travay la epi kòmanse demach devlopman travay la?
- Kijan ou kòmanse demach pou chèche travay ak yon moun k ap chèche travay?
- Ki kantite fleksibilite yon moun k ap chèche travay ka atann konsènan pi bon travay k ap bon pou li (pa egzanzp, si l ap chèche travay a plen tan/tan pasyèl, kantite èdtan travay li vle, distans ak lakay li, elatriye)?
- Kijan ajans la pral detèmine sipò pou detèmine transpò pou travay?
- Èske ajans la ede moun nan aprann wout yo pou ale travay pandan lè travay li?
- Kijan ajans la pral bay sipò pou konprann kijan travay pral afekte avantaj yo.
- Bay kèk egzanzp varyete travay ou te pèsonalize?

### **Sipò Travay**

- Kijan ajans la kontinye itilize akomodasyon ak teknoloji pou bay asistans?
- Kijan ou garanti moun k ap chèche travay la pral jwenn sipò li bezwen, menm lè pa gen ase manm pèsònèl?
- Kijan ajans la abòde sipò natirèl ak disparisyon nan yon sit travay?

## Rezilta

- Konbyen djòb ajans sa a te jwenn ane pase?
- Konbyen moun yo te ede jwenn travay ane pase?
- Ki nivo salè moun ajans ou ede yo touche?
- Ki kalite pozisyon moun ajans sa a sipòte yo te jwenn?
- Konbyen nan moun ou plase nan travay yo ki rete nan travay yo?

[www.philaonthejob.org](http://www.philaonthejob.org)